QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ



# NOMINAL ESAPLANǴAN ORTASHA AYLÍQ IS HAQÍ

*awıl xojalıǵı hám kishi isbilermenlik subyektlerisiz, dáslepki maǵlıwmatlar*

***2024-jıl yanvar-iyun dáwiri ushın maǵlıwmatlar dáslepki, ótken dáwirler ushın maǵlıwmatlar juwmaqlawshı esaplanadı.***

***2024-jıl yanvar-iyun***

## Ortasha aylıq is haqınıń jıllar kesimindegi dinamikası

*yanvar-iyun, ósiw dárejesi ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, mıń som*




## Miynetke haq tólewdiń eń kem muǵdarı dinamikası, *somda*




***Maǵlıwmat ushın:*** *Miynetke haq tólewdiń eń kem muǵdarına 2023-jıl 1-dekabrdan ózgeris kiritildi hámde* ***1 050,0 mıń somǵa*** *teń boldı.*

2024-jıl yanvar-iyun ayları ushın ortasha aylıq is haqı kórsetkishin esaplawda awıl xojalıǵı hám kishi isbilermenlik subyektleri **esapqa alınbaǵan,** sebebi fermer xojalıqları hámde kishi isbilermenlik subyektleri **jılda bir márte** esabat tapsırıwı belgilengen.

Yuridikalıq shaxs esaplanǵan kárxana hám shólkemlerde islewshi xızmetkerlerdiń ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqıları (keyingi orınlarda – ortasha aylıq is haqı) hár bir ekonomikalıq xızmet túrlerinde túrlishe parqlanadı.

Ortasha aylıq nominal esaplanǵan is haqı quramına qosımsha tólemler, sıylıqlaw pulları, qoshametlew tólemler, kompensaciya hám islenbegen waqıt ushın tólemler, sonday-aq, fizikalıq shaxslardan alınatuǵın dáramat salıǵı hám kásiplik awqamlarına ajıratpalar kiredi.

## Ortasha aylıq is haqınıń tarmaqlar boyınsha ózgeriw dinamikası, *yanvar-iyun, mıń som*



## 2023-2024 - jıllarda ortasha aylıq is haqınıń aylar kesimindegi dinamikası, *mıń som*




## Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde ortasha aylıq is haqı, *mıń som*




2024-jıldıń yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi – bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq xızmeti tarawına tuwrı kelip, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósiw dárejesi **110,1 %** ni tashkil etdi.

Sonday-aq, sanaat tarawında **126,3 %,** sawda tarawı **125,6 %,** bilimlendiriw tarawında **115,9 %**, tasıw hám saqlaw tarawında **115,4 %,** densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw tarawı **113,4 %** hámde málimleme hám baylanıs tarawı **105,3 %** ke óskenligin kóriwimiz múmkin.

# SANAAT TARAWÍNDA ORTASHA AYLÍQ IS HAQÍ




## Sanaattıń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqı, *mıń som*



**30 187,7**

*Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew*



**5 993,6**

*Islep shıǵarıw sanaatı*



**2 591,8**

*Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw*



**6 870,8**

*Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw*

Sanaattıń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew tarmaǵı **(30 187,7 mıń som)**, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw **(6 870,8 mıń som)** hámde islep shiǵarıw sanaatı **(5 993,6 mıń som)**da gúzetildi.

## Sanaat tarawında tarmaqlar boyınsha is haqı ózgerisi dinamikası




## Rayonlar kesiminde




## Ortasha aylıq is haqınıń jıllar kesimindegi dinamikası, *mıń som*




Sanaat ekonomikalıq xızmet túri boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi Nókis qalası **(12117,6 mıń som),** Taqıyatas rayonı **(7209,8 mıń som)** hámde Qońırat rayonı **(5288,1 mıń som)** da gúzetildi.

# QURÍLÍS TARAWÍNDA ORTASHA AYLÍQ IS HAQÍ




## Rayonlar kesiminde




Qurılıs tarawı boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi Qońırat rayonı **(5 076,5 mıń som)**, Nókis qalası **(3 758,8 mıń som)** hámde Kegeyli rayonı **(3 356,4 mıń som)**da gúzetildi.

## Ortasha aylıq is haqınıń jıllar kesimindegi dinamikası, *mıń som*



# SAWDA TARAWÍNDA ORTASHA AYLÍQ IS HAQÍ




## Sawda tarawınıń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqı, *mıń som*



**4 964,5**

*Avtomobil hám motocikllerdiń sawdasınan tısqarı kótere sawda*



**9 744,6**

*Avtomobil hám motocikllerdiń kótere hám usaqlap satıw sawdası hám olardı ońlaw*



**1 529,1**

*Avtomobil hám motocikllerdiń sawdasınan tısqarı usaqlap sawda*

Sawda tarawınıń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi avtomobil hám motocikllerdiń kótere hám usaqlap satıw sawdası hám olardı ońlaw **(9 744,6 mıń som)**da, eń pás kórsetkish bolsa avtomobil hám motocikllerdiń sawdasınan tısqarı usaqlap satıw **(1 529,1 mıń som)**da gúzetildi.

## Sawda tarawında tarmaqlar boyınsha is haqı ózgerisi dinamikası




## Rayonlar kesiminde




## Ortasha aylıq is haqınıń jıllar kesimindegi dinamikası, *mıń som*




Sawda tarawı boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi Taqıyatas rayonında **(4964,5 mıń som)** gúzetilgen bolsa, eń pás kórsetkish Nókis qalasında **(3258,7 mıń som)** gúzetildi.

# TASÍW HÁM SAQLAW TARAWÍNDA ORTASHA AYLÍQ IS HAQÍ




## Tasıw hám saqlaw ekonomikalıq xızmet túriniń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqı

**6 975,1** *mıń som*

Sklad xojalıǵı hám járdemshi transport xızmeti

**5 814,1** *mıń som*

Qurǵaqlıqtaǵı hám truba transportı

**2 249,0** *mıń som*

Pochta hám kuryerlik xızmeti

Tasıw hám saqlaw ekonomikalıq xızmet túriniń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi sklad xojalıǵı hám járdemshi transport xızmeti **(6 975,1 mıń som)**da, eń pás kórsetkish bolsa pochta hám kuryerlik xızmeti **(2 249,0 mıń som)**da gúzetildi.

## Tasıw hám saqlaw tarawında tarmaqlar boyınsha is haqı ózgerisi dinamikası




## Rayonlar kesimida




## Ortasha aylıq is haqınıń jıllar kesimindegi dinamikası, *mıń som*




Tasıw hám saqlaw ekonomikalıq xızmet túri boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi Qońırat rayonı **(6880,8 mıń som)**da gúzetildi. Sonday-aq, joqarı ósim páti Nókis qalasında **(118,1%)** hámde Qońırat rayonında **(116,4 %)** gúzetildi.

# MÁLIMLEME HÁM BAYLANÍS TARAWÍNDA ORTASHA AYLÍQ IS HAQÍ




## Málimleme hám baylanıs tarawınıń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqı

**7 896,3**
mıń som
Baylanıs tarawı

Málimleme xızmetin kórsetiw tarawındaǵı xızmet
**3 329,7**
mıń som

**2 803,9**
mıń som
Baspa sóz xızmeti

Málimleme hám baylanıs tarawınıń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi baylanıs tarawı **(7 896,3 mıń som)**da, eń pás kórsetkish bolsa baspa sóz xızmeti **(2 803,9 mıń som)**da gúzetildi.

## Málimleme hám baylanıs tarawında tarmaqlar boyınsha is haqı ózgerisi dinamikası




## Rayonlar kesiminde




## Ortasha aylıq is haqınıń jıllar kesimindegi dinamikası, *mıń som*




Málimleme hám baylanıs ekonomikalıq xızmet túri boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi Nókis qalası **(6 510,3 mıń som)** da gúzetildi. Sonday-aq, joqarı ósim páti Qaraózek **(2,6 márte),** Shomanay **(196,4 %),** Nókis **(184,6 %)** hámde Qanlıkól **(152,7 %)** rayonlarında gúzetildi.

# BANK, QAMSÍZLANDÍRÍW, LIZING, KREDIT HÁM DÁLDÁLSHÍLÍQ TARAWÍNDA ORTASHA AYLÍQ IS HAQÍ




## Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq xızmetiniń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqı

**8 080,2** *mıń som*

Májbúriy sociallıq qamsızlandırıwdan tısqarı, qayta qamsızlandırıw hám pensiya qorları xızmeti

**11 574,7** *mıń som*

Qamsızlandırıw hám pensiya támiynatınan tısqarı finanslıq xızmetler

**4 891,7** *mıń som*

Finanslıq xızmetler kórsetiw hám qamsızlandırıw boyınsha járdemshi xızmet

Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq xızmeti ekonomikalıq xızmet túri boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi qamsızlandırıw hám pensiya támiynatınan tısqarı finanslıq xızmetler **(11 574,7 mıń som)**da, eń pás kórsetkishi bolsa finanslıq xızmetler kórsetiw hám qamsızlandırıw boyınsha járdemshi xızmet **(4 891,7 mıń som)**da gúzetildi.

## Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq tarawında tarmaqlar boyınsha is haqı ózgerisi dinamikası




## Rayonlar kesiminde




## Ortasha aylıq is haqınıń jıllar kesimindegi dinamikası, *mıń som*




Bank, qamsızlandırıw, lizing, kredit hám dáldálshılıq xızmeti ekonomikalıq xızmet túri boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi Nókis qalası (**12 001,2 mıń som**) da gúzetildi. Sonday-aq, joqarı ósim páti Ámiwdárya **(144,1 %)**, Qońırat **(141,3 %)** hámde Ellikqala **(133,0 %)** rayonlarında gúzetildi..

# BILIMLENDIRIW TARAWÍNDA ORTASHA AYLÍQ IS HAQÍ




## Bilimlendiriw tarawınıń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqı

**Joqarı oqıw orınları**
**6 795,4** mıń som

**Ulıwma orta bilim**
**3 447,1** mıń som

**Texnikalıq hám proffesional bilimlendiriw**
**3 504,7** mıń som

**Mektepke shekemgi bilimlendiriw**
**1 890,7** mıń som

Bilimlendiriw tarawınıń tiykarǵı tarmaqları boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi joqarı oqıw orınlarında **(6 795,4 mıń som)**da, eń pás kórsetkish bolsa mektepke shekemgi bilimlendiriwde **(1 890,7 mıń som)**da gúzetildi.

## Bilimlendiriw tarawında tarmaqlar boyınsha is haqı ózgerisi dinamikası




## Rayonlar kesiminde




## Ortasha aylıq is haqınıń jıllar kesimindegi dinamikası, *mıń som*




Bilimlendiriw tarawı boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi Nókis qalası (**4 577,7 mıń som**), Xojeli (**3567,7 mıń som**) hámde Kegeyli rayonları (**3391,7 mıń som**)da gúzetildi. Sonday-aq, joqarı ósim páti Taxtakópir **(129,7 %),** Qanlıkól **(129,5 %),** Moynaq **(125,4 %)** hámde Qaraózek **(122,5 %)** rayonlarında gúzetildi.

# DENSAWLÍQTÍ SAQLAW HÁM SOCIALLÍQ XÍZMETLER KÓRSETIW TARAWÍNDA ORTASHA AYLÍQ IS HAQÍ




## Rayonlar kesiminde




Densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw tarawı boyınsha ortasha aylıq is haqınıń eń joqarı kórsetkishi Qanlıkól **(4309,5 mıń som)**, Shımbay **(4085,0 mıń som)**, Moynaq **(4015,4 mıń som)** hámde Xojeli **(3913,2 mıń som)** rayonlarında gúzetildi. Sonday-aq, joqarı ósim páti Moynaq **(130,7 %)**, Taxtakópir **(129,4 %)**, Kegeyli **(117,4 %)** hámde Qońırat **(117,1 %)** rayonlarında gúzetildi.

## Ortasha aylıq is haqınıń jıllar kesimindegi dinamikası, *mıń som*



## DEMOGRAFIYA, MIYNET HÁM GENDER STATISTIKASÍ BÓLIMI

**Nominal esaplanǵan is haqı** – belgili bir dáwir (saat, ay, jıl) dawamında xızmetker tárepinen islep shıǵarılǵan ónim (orınlanǵan jumıs yáki kórsetilgen xızmet) ushın jumıs beriwshiler tárepinen, ámeldegi nızam hújjetlerine tiykarlanǵan halda salıq hám basqa tólemlerdi óz ishine alıwshı jallanba xızmetkerdiń miynetine haq tólew sıyaqlı fizikalıq shaxsqa pul kórinisinde esaplanǵan dáramatlardan ibarat.

Tel.: 61 222-76-57